

Enfòmasyon Sou Koupon Pou Manje



Pwogram koupon pou manje deziyen pou ede moun ki ap touche yon ti salè achte manje. Malgre li se yon pwogram gouvènman federal, se eta kote ou ap viv la oswa biwo lokal ki a la tèt li.

Kimoun ki ka jwenn koupon pou manje?

Nenpòt moun ka aplike pou koupon pou manje. Pou jwenn koupon pou manje, ou menm ak lòt moun ki lakay ou dwe ranpli sèten kondisyon. Tout moun lakay ou ki aplike dwe genyen yon nimewo Sekirite Sosyal oswa yo dwe aplike pou youn, epitou yo dwe oubyen yon sitwayen ameriken, yon ameriken natif-natal, oswa yo dwe nan kondisyon yon etranje kalifye. Men etranje kalifye ki elijib pou koupon pou manje san yon peryòd-datant:

- Timoun imigran legal ki poko gen dizuitan (18);
- Imigran legal ki avèk malad/enfim ki ap resevwa asistans oswa benefis pou malad/enfimite;
- Moun ki rezide legalman Ozetazini depi 22 dawou 1996 epi ki te gen swanssenkan (65) nan dat 22 dawou 1996;
- Rezidan pèmanan legal ki se manm sèvis aktif oswa veteran fòs lame Etazini, oswa madanm/mari oswa pitit yon veteran oubyen yon manm sèvis aktif;
- Refijye yo admèt anba seksyon 207 Immigration and Nationality Act (INA) (Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite);
- Moun yo akòde azil anba seksyon 208 INA;
- Moun ki gen kondisyon depòtasyon yo sispann anba seksyon 234(h) oswa 241(b)(3) INA;
- Patisipan Kiben oswa Ayisyen anba seksyon 501(e) Refugee Education Assistance Act of 1980 (Lwa 1980 pou Asiste Refijye nan Edikasyon);
- Imigran Ameriken ki orijin Azyatik anba seksyon 584 Foreign Operations, Export Financing and Related Programs Appropriations Act of 1988 (Lwa 1988 sou Operasyon Etranje, Finansman Ekspòtasyon ak Apwopriasyon Pwogram Asosye).

Men imigran legal ki elijib san yon peryòd datant menm si yo pa etranje ki kalifye:

- Hmong oswa manm tribi lawosyen Haylann (avèk konjwen ak timoun yo tou) ki te ede fòs lame Etazini pandan epòk Vyetnam;
- Ameriken Endyen ki fèt nan peyi Kanada;
- Manm tribi endyen yo anba seksyon 450b(e)
- Indian Self-Determination and Education Assistance Act (Lwa pou Otodetèminasyon Endyen ak Asistans nan Edikasyon).
- Men etranje kalifye ki elijib si yo te viv Ozetazini pandan senkan (5) nan kondisyon kalifye:

- Rezidan pèmanan legal (yo ka elijib pi bonè pase senkan (5) si yo gen karant kredi (40) travay);
- Prizonye ki libere sou kondisyon (libète sou kondisyon pandan omwen ennan anba seksyon 212(d)(5) INA);
- Patisipan sou kondisyon anba seksyon 203(a)(7) INA ki anvigè anvan premye avril 1980;
- Yon konjwen yo maspinen, timoun oswa paran yo maspinen oswa pitit yon moun yo maspinen ki gen yon petisyon annatant anba seksyon 204(a)(1)(A) oswa (B) oswa 244(a)(3) INA.

Pifò moun kosto ki ant dizuitan (18) ak swantan (60) dwe enskri pou travay pou yo kapab kalifye pou koupon pou manje. Anpil moun ka gen obligasyon pou yo patisipe nan yon pwogram travay oswa fòmasyon. Kèk elèv kolèj ka elijib tou.

Resous (Sa ou Posede)

Anjeneral, moun lakay ou pa ka gen resous ki vo plis pase \$2,000. Men, si pami moun ki lakay ou gen yon moun ki gen swasantan (60) oswa plis oswa gen yon moun ki malad/enfim, limit lan se \$3,000. Resous moun k ap resevwa Supplemental Security Income (SSI) (Revni Sekirite Sipleman) oswa benefis anba pwogram Temporary Assistance for Needy Families (TANF) (Asistans Pwovizwa pou Fanmi ki nan Nesesite) pa konte pou elijiblite pou koupon pou manje. Resous enkli laja n kach, kont labank ak lòt byen.

Se pa tout sa ou posede ki konte. Pa egzanp, kay ou ak tè kote kay la bati a pa konte pou elijiblite pou koupon pou manje. Yon machin oswa kanyon pa konte menm jan selon fason li itilize. Pifò eta itilize kounye a règ TANF olyede de reg food stamp règleman veyikil koupon pou manje si règ TANF lan pi nan avantaj kay ki aplike pou koupon pou manje a.

Pifò kay dwe satisfè yon kondisyon limit revni tou. Sèten bagay pa konte kòm revni epi yo ka soustrè yo nan revni ou. Moun lakay ou ka ranpli kondisyon pou lòt eliminasyon revni si kay la gen yon moun swasantan (60) oswa plis oubyen yon moun ki malad/enfim. Limit revni an varye selon kantite moun ki nan kay la epi li ka chanje chak ane.

Kòmman ou ka aplike pou koupon pou manje?

Gen aplikasyon koupon pou manje nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal. Si ou menm ak tout lòt moun lakay ou **aplike** pou peman **SSI** oswa deja ap resevwa peman

